

Chè paran ou gadyen:

Lejislati 2008 gentan pase pwojè lalwa Sena 610 ke gouvènè Crist siyen kòm lwa nan 2 jwen 2008. Pwojè lalwa sila a te enkli chanjman konsènan egzijans edikasyon fizik pou elèv Florid yo.

Pwojè lalwa Florid 1003.455 egzije 150 minit edikasyon fizik chak semenn pou elèv nan klas kindègatenn pou senkyèm ane. N ap akòde yon dispans pou egzijans edikasyon fizik pou elèv nan klas kindègatenn pou senkyèm ane ki satisfè yonn nan kritè swivan:

- Elèv la enskri ou oblige enskri nan yon klas ratrapaj.
- Paran elèv la endike alekri yon nan bagay swivan:
 1. Paran mande pou li enskri nan yon lòt klas nan pam i tout opsyon ki disponib nan lekòl, OUBYEN
 2. Elèv la patisipe nan aktivite fizik andeyò jounen lekòl la ki egalego oubyen ki depase egzijans klas la

Pwojè lalwa sila a egzije chak konsèy eskolè pou li notifye paran konsènan opsyon ki disponib anvan li mete yon elèv nan klas edikasyon fizik. N ap enskri pitit ou nan klas edikasyon fizik pou 150 minit chak semenn, amwenske li satisfè yonn nan kritè pou dispans ki liste anwo.

Tanpri, kontakte konseye lekòl pitit ou si ou gen keksyon konsènan klas edikasyon fizik oubyen kritè pou yon dispans.